



Workers'
Compensation
Board

DEFANSÈ POU TRAVAYÈ KI BLESE



Biwo Defansè pou Travayè ki Blese (Office of the Advocate for Injured Workers) a ofri yon sèvis espesyal pou ede travayè ki blese oswa ki vin malad pandan yo ap travay nan Eta New York. Ekip Defansè a bay travayè ki blese yo konsèy ak enfòmasyon pou ede yo pwoteje dwa yo nan sistèm konpansasyon travayè a.

Sistèm nan ka konplike, men gen èd ki disponib. Rele biwo Defansè a nan **877-632-4996** oswa voye imel bay advinjkwr@wcb.ny.gov. Defansè a ap ba ou repons klè sou:

- Kijan pou depoze yon reklamasyon
- Kisa pou fè nan ka lanmò
- Ki fòm yo itilize
- Kilès ki kouvri
- Reklamasyon ki konteste
- Dwa pou odyans ak kontestasyon
- Depo alè
- Jesyon dosye
- Wòl ou nan tretman medikal ou
- Ki benefis medikal ki disponib
- Ki sèvis reyabilitasyon pwofesyonèl ak travay sosyal ki disponib

Ombudsman (medyatè) nan Biwo Defansè a mennen ankèt sou plent travayè ki blese yo konsènan pwoblèm yo rankontre nan sistèm konpansasyon travayè yo epi li pral eseye rezoud yo.

Si ou blese oswa si travay la fè w malad

Lè yon ensidan nan travay rive:

- Chèche swen medikal pi vit posib.
- Rapòte blesi a bay patwon ou an alekri nan entèval 30 jou apre dat ensidan an.
- Depoze yon reklamasyon bay Komisyon Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Board, WCB) (Komisyon) nan Eta Nouyòk la nan entèval de ane apre dat blesi ou a. Sepandan, li pi bon pou depoze reklamasyon an pi vit posib.

Si yo dyagnostike ou ak yon **maladi ki gen rapò ak travay** oswa **yon maladi pwofesyonèl**, ou ta dwe chèche swen medikal ki nesèsè pi vit posib.

Reklamasyon pou konpansasyon travayè pou yon maladi pwofesyonèl dwe depoze nan entèval de ane depi lè ou vin andikape, oswa nan entèval de ane depi dat ou te konnen oswa yon founisè swen sante te di ou kondisyon an gen rapò ak travay.

Fwod nan konpansasyon travayè se yon krim Klas E, ki ka pini jiska kat ane prizon ak yon amann 5,000 dola.

Swen medikal

Konpayi asirans pawon ou an ap peye tout swen medikal ki apwouve pou blesi oswa maladi ou yo konfime a. Swen sa a kouvri, kit ou pèdi tan nan travay oswa ou pa pèdi tan. Swen medikal se yon benefis pou tout lavi tou, kidonk reklamasyon ou an ap toujou rete ouvè pou swen medikal nan lavni.

Founisè swen sante yo dwe jwenn otorizasyon Komisyon an. Ou ka jwenn lis founisè swen sante ki otorize yo sou wcb.ny.gov/find-a-provider oswa lè w rele Biwo Direktè Medikal la nan **(800) 781-2362**. Ou ka resevwa swen nan men nenpòt nan founisè sa yo oswa nan men pwòp doktè ou a si li gen otorizasyon.

Avantaj pou salè ki pèdi

Benefis konpansasyon travayè pou salè ki pèdi kapab peye sèlman sou dokiman medikal ki apwopriye ki soti nan yon founisè swen sante ki trete ou. Benefis yo peye jiska de tyè nan salè mwayèn ou pa semèn, baze sou salè ou pandan 52 semèn ki te anvan dat ensidan an. Peman an pap depase kantite maksimòm benefis lalwa pèmèt la.

Kantite maksimòm benefis la baze sou Salè Mwayèn Pa Semèn Eta New York (New York State Average Weekly Wage, NYSAWW), ki ajiste chak 1ye jiyè **Kantite benefis ou pou pèt salè baze sou NYSAWW pou ane ou te blese a** — li pa ogmante akòz ogmantasyon NYSAWW chak ane.

Si ou te gen plis pase yon travay lè ou te blese oswa malad la, sa ka konsidere kòm “plizyè travay an menm tan.” Nan ka sa a, ou dwe rapòte bay Komisyon an salè pou chak travay. Si se “plizyè travay an menm tan,” salè yo ap ajoute ansanm pou detèmine salè mwayèn pa semèn ou.

Biwo Defansè pou Travayè ki Blese yo ofri prezantasyon sou kesyon konpansasyon travayè ki enpòtan pou travayè yo, sendika, gwoup COSH yo, gwoup defansè travayè yo, ak patwon yo.

Pou pran randevou pou yon sesyon edikatif, voye yon imèl bay advinjwkr@wcb.ny.gov.

Patisipe nan youn nan semènè edikatif nou ki gen pou fèt yo, epi jwenn repons pou kesyon ou yo! Vizite wcb.ny.gov/webinars pou w enskri. Ou ka tou gade youn nan semènè entènèt anrejistre nou yo pou travayè yo nan wcb.ny.gov/recorded-webinars.

Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York la pwoteje dwa anplwaye ak patwon yo lè li asire livrezon benefis yo fèt jan lalwa mande epi ankouraje tout moun pou yo respekte lalwa.

Pou aprann plis konsènan Komisyon an, ale sou wcb.ny.gov. Enskri pou resevwa notifikasyon Komisyon an nan wcb.ny.gov/Notify.

SWIV NOU:



Depoze yon reklamasyon

PI RAPID: Vizite wcb.ny.gov/file-claim, epi ranpli **Reklamasyon Anplwaye a (Fòm C-3)** sou entènèt la.

Si ou vle, ou ka soumèt yon vèsyon papye **Fòm C-3**, ke ou ka jwenn nan wcb.ny.gov/forms.

 Ou gen de ane apre yon ensidan pou depoze **Fòm C-3**.

Kesyon sou reklamasyon ou? Rele nan (877) 632-4996

Yo pral mande w enfòmasyon sa yo lè ou rele:

- Non ou
- Nimewo Dosye WCB ou, si ou te depoze l
- Nimewo telefòn (ak kòd zòn) kote yo ka kontakte ou
- Yon ti deskripsyon sou pwoblèm nan ak nenpòt korespondans ou te resevwa

Èske ou te konnen ou ka patisipe nan odyans vityèl epi telechaje/gade dokiman dosye a sou entènèt?

Vizite wcb.ny.gov/iwtoolkit pou jwenn plis enfòmasyon.



Workers' Compensation Board